



Pou Piblikasyon Imedya: 21/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON KWASANS PRÈSKE 800 POUAN ENÈJI SOLÈ  
NAN NEW YORK SOU PERYÒD SENK DÈNYE ANE YO**

***Kwasans Solè a Lakòz Prèske 1.5 Milya Envestisman Prive***

***Sèt Rejyon Atravè Eta a Sibi yon Kwasans ki Depase 1,000 Pousan Grasa  
Inisyativ NY-Sun – ke yo Dekri [Isit la](#)***

***Nan Kad Estanda Enèji Pwòp Eta New York lan ki di pou 50 Pousan Elektrisite  
Sòti Nan Sous Renouvlab yo Disi 2030***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse enèji solè leta sponnsorize nan New York ogmante de prèske 800 pousan sòti mwa Desanm 2011 rive mwa Desanm 2016, e sa te mande yon investisman prive prèske 1.5 milya dola. Kwasans solè enpòtan anpil pou Estanda Enèji Pwòp Gouvènè a (Governor's Clean Energy Standard) ki mande pou 50 pousan elektrisite nan New York sòti nan yon sous enèji renouvlab dis 2030.

“New York se yon lidè nasyonal nan zafè enèji pwòp, e kwasans fòmidad endistri solè a, toupatou nan eta a, prouve teknoloji renouvèlman sa a pi aksesib e pi abòdab pou rezidan ak biznis nou yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Envestisman nou fè nan resous enèji pwòp sa a kreye anpil djòb, diminye emisyon gaz toksik, bay kwasans ekonomik la bourad, e ede nou bati yon New York ki pi pwòp e pi vèt pou tout moun.”

Kwasans solè 795 pousan sa a nan Eta a, sou peryòd senk dènye ane yo, te posib grasa Otorite sou Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSEDA), Otorite Kouran New York (New York Power Authority), Otorite Kouran Long Island (Long Island Power Authority, LIPA) ak lòt sektè prive e piblik. Yo te enstale 64,926 pwojè nan fen ane 2016 la, parapò ak 8,989 nan fen ane 2011. Pwojè sa yo ke leta te sponnsorize te totalize prèske 744 megawat enèji solè yo te enstale. Kantite elektrisite sa a t ap ase pou satisfè bezwen plis pase 121,000 kay an mwayèn.

Gwo kwasans sa a, nan kad enèji solè, yo atribiye li a yon konbinezon plizyè faktè, tankou paregzanp pwogram NY-Sun Megawatt Block Incentive, yon bès nan pri ekipman solè, ak kwasans nan kantite biznis denstalasyon ki met sou pye yon maketin

solè ki adrese li dirèkteman a konsomatè yo.

**Richard L. Kauffman, Prezidan Komite Enèji ak Finans pou New York (Energy and Finance for New York), te deklare,** “Grasa Gouvènè Cuomo ki pran devan osen nasyon an pou Refòme estrateji Vizyon Enèji a (Reforming the Energy Vision, REV), enèji solè se yon eleman entegral pou pouse ekonomi enèji pwòp Eta a pi devan, e diminye emisyon gaz toksik ki poze danje. Enèji ki pwòp e renouvlab ap ede Eta a reyalize gwo objektif li genyen nan zafè enèji, fè kouran vin abòdab pou moun New York e mennen yon sistèm enèji pi rezistan e vèsatil.”

Pi gwo ogmantasyon pousantaj nan zafè enèji solè se te nan Mohawk Valley, epi apre sa nan Rejyon Finger Lakes, New York Santral, ak Southern Tier. Long Island gen plis enstalasyon pase nenpòt ki lòt rejyon nan Eta a, e apre sa se Mid-Hudson Valley ak Rejyon Kapital la.

Tablo ki annapre a mete aksan sou ekspansyon enpòtan enèji solè nan kad NY-Sun pou chak rejyon nan Eta a, sòti nan fen ane 2011 rive nan fen ane 2016:

Rejyon	Total yo Enstale an 2011		Total yo Enstale an 2016		Ogmantasyon Pousantaj pou Kantite Megawat yo Enstale	Ogmantasyon Pousantaj pou Kantite Pwojè yo Enstale
	Megawat yo Enstale	Projè yo Enstale	Megawat yo Enstale	Projè yo Enstale		
Rejyon Kapital	8.5	899	113.26	8,365	1,043 pousan	744 pousan
New York Santral	1.6	178	23.56	1,731	1,246 pousan	836 pousan
Finger Lakes	2.1	249	37.38	1,870	1,487 pousan	603 pousan
Long Island	37.8	4,938	214.23	24,428	460 pousan	414 pousan
Mid-Hudson	12.1	1,305	162.74	14,125	1,164 pousan	944 pousan
Mohawk Valley	1.2	140	26.95	1,790	1,597 pousan	1,005 pousan
Vil New York	6.4	361	88.42	7,348	1,102 pousan	1,719 pousan
North Country	1.1	177	13.98	1,063	827 pousan	432 pousan
Southern Tier	2.1	390	29.23	2,113	1,182 pousan	426 pousan
Rejyon	5	352	33.88	2,093	554 pousan	481 pousan

Lwès New York						
Total	77.9	8,989	743.65	64,926	795 pousan	615 pousan

Nan Long Island, te gen plis pase 28,000 pwojè solè yo te enstale sòti nan fen ane 2011 rive nan fen 2016, pou plis pase 260 megawat, sa ki ase kouran pou plis pase 35,000 kay an mwayèn. Pwojè sa yo te posib grasa pwogram NY-Sun ak pwogram solè LIPA/PSEG Long Island.

Avèk yon total plis pase 38,000 pwojè solè, ki gen ladan plis pase 28,000 ke yo enstale sou peryòd senk dènye ane yo, Long Island se premye rejyon nan New York ki atenn sib megawat Eta a pou mache rezidansyèl la, sa ki prouve efikasite ak siksè pwogram sèvis piblik NY- SUN ak lòt pwogram Long Island yo. Yo atann aske momantòm sa a atravè Long Island kontinye grasa kredi taks federal ak deta, finansman abòdab pou kominote ki nan nesosite, e yon mache etabli pou devlopè solè.

Anplis de nouvo instalasyon solè pandan peryòd senk dènye ane yo, yo t ap travay sou plis pase 886 MW enèji solè anplis nan Eta a, nan fen ane pase a, sa ki te ase kouran pou plis pase 150,000 kay an mwayèn.

An 2014, Gouvènè Cuomo te pran yon angajman istorik pou prèske 1 milya dola al nan NY-Sun pou estimile mache a e ogmante kantite sistèm solè elektrik toupatou nan Eta a sou yon peryòd 10 zan. NY-Sun gen kòm objektif pou li ajoute plis pase twa jigawat kapasite solè ki enstale nan Eta a disi 2023. Yon gigawat egal 1,000 megawat. New York kounye a gen plis pase 8,000 moun k ap travay nan domèn enèji solè.

Kat ki montre megawat solè pou chak konte nan rejyon New York e yon tablo ilustrasyon chif yo anvan NY-Sun parapò ak aore NY-Sun disponib [isit la](#).

**John B. Rhodes, Prezidan e Direktè Jeneral NYSERDA te deklare,** “Vag sa a nan mache solè a ap pèmèt nou sere lajan nan zafè kouran pou kay prive ak biznis nan New York, e li kreye dè milye de djòb ofiyamezi endistri a ap grandi pou satisfè demann sa a. NY-Sun prouve estrateji enèji pwòp Gouvènè Cuomo an ap byen mache.”

**Gil C. Quiniones, Prezidan e Direktè Jeneral Otorite Kouran New York (New York Power Authority), te di,** “Dènye done sa yo, konsènan kwasans eksponansyèl enèji solè nan Eta New York reflekte gwo jefò yo te fè, grasa lidèchip Gouvènè Cuomo, pou bay teknoloji enèji pwòp la bourad e kontinye fè pri li desann. An patenarya avèk fabrikasyon enèji solè yo, konpayi enstalasyon, lekòl, ak lòt moun nan endistri a, n ap ajoute nouvo sous ak sistèm enèji solè prèske chak jou.”

**Michael Voltz, Direktè Efikasite Enèji ak Renouvlab (Energy Efficiency and Renewables) nan PSEG Long Island te deklare,** “PSEG Long Island pran angajman pou ankadre endistri enèji pwòp renouvlab la nan Long Island e nan Rockaways yo. Nou atenn etap enpòtan sa a paske nou ofri kliyan nou yo lòt opsyon altènatif pou satisfè bezwen enèji yo epi nou travay men nan lamèn avèk Inisyativ NY-Sun Gouvènè Cuomo a pou kontinye devlope endistri a e kreye djòb, san nou pa bliye pwoteje

anviwònman an.”

**Scott Maskin, Ko-fondatè e Direktè Jeneral SUNation, yon konpayi enstalasyon enèji solè nan Long Island, te di konsa,** “Sistèm Solè SUNation bat bravo pou ankadreman san souf e serye pwogram solè Gouvènè Cuomo yo. Valè chak panno solè yo enstale pi konsiderab pase valè enèji pwòp li pwodui an. Chak panno yo enstale reprezante tou yon seri djòb ki mande gwo konpetans sou zile nou an, e revni ki ogmante nan ekonomi lokal nou an. Enèji solè nan Long Island jwenn siksè san rete paske Gouvènè Cuomo se yon gwo defansè enèji renouvlab.”

**Joe Sliker, Prezidan e Direktè Jeneral Renovus Solar, yon konpayi enstalasyon enèji solè nan Ithaca, di konsa,** “Nou gen chans gen yon bon klima pou bati fiti enèji renouvlab nan Eta New York. Grasa estrateji temerè REV Gouvènè Cuomo a, Renovus Solar kòmanse devlope kominote solè, e li bay aksè a enèji solè abòdab, pwòp, ke yo kreye lokalman, pou tout moun, pami lèkèl fanmi ki pa fè ase lajan ak fanmi ki pa fè twòp lajan. Devlopman solè tounen yon motè ekonomik enpòtan nan Eta a, ofiyamezi n ap kreye bon djòb ki pèmèt moun viv byen, san nou pa bliye ofri gwo diskont bay kliyan nou yo epi asire yon planèt ki la pou lontan.”

**Evan Dube, Direktè Anchèf Règleman Piblik nan Sunrun, ki te enstale panno solè nan plizyè rejyon New York, di konsa,** “Enèji solè sou tèt kay se yon solisyon dirab ki efikas ekonomikman pou tan k ap vini yo e yo pral pote plis djòb lokal ak lè ki pwòp nan New York. Nou vle kontinye bay konsomatè nou plis chwa e bay moun New York aksè a enèji solè sou tèt kay.”

**Stan Dobert, Mèt Apex Solar nan Konte Warren, di konsa,** “Kwasans solè sa a gen konsekans dirèk sou plizyè biwo nan rejyon an. Kantite anplwaye nou yo depase 110 e nou kontinye ap angaje plis anplwaye a tout nivo, keseswa enstalasyon oswa depatman teknik. Grasa bourad Inisyativ NY-Sun la, moun New York ki chwazi enèji solè kreye nouvo djòb ki byen peye osen konpayi nou an. N ap konitnye etann biznis nou, ofiyamezi enèji solè vin pi abòdab e pi aksesib.”

### **Konsènan Refòm Vizyon Enèji a**

Refòm Vizyon Enèji a se strateji Gouvènè Andrew M. Cuomo pou li domine sou chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi fleksib epi pi abòdab pou tout Nouyòkè yo nan favorize investisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou solè, van ak enèji efikas, epi jenere 50 pousan nan kantite elektisite leta bezwen apati enèji renouvlab apati lane 2030. Deja, REV te pèmèt 795 pousan kwasans pou tout mache enèji solè nan tout eta a, ki te pèmèt 105,000 fanmi ki pa touche anpil lajan yo pou yo bese definitivman pri fakti elektisite yo gras a enèji efikas, epi kreye dè milye pòs travay nan manifakti, enjenyè, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo. REV ap asire Eta New York ap redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout eta a jiska 40 pousan apati lane 2030 epi atenn objektif ki rekoni sou echèl entènasyonal pou fè rediksyon degajman gaz a efè sèr yo jiska 80 pousan apati lane 2050. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak investisman 5 milya dola Gouvènè an nan teknoloji enèji pwòp ak nan inovasyon an, tanpri vizite sitwèb [www.ny.gov/REV4NY](http://www.ny.gov/REV4NY) epi swiv nou nan [@Rev4NY](https://twitter.com/Rev4NY).

## **Konsènan NYSERDA**

NYSERDA, yon kòporasyon enterè piblik, ofri enfòmasyon ak analiz objektif, pwogram inovasyon, espètiz teknik, ak finansman pou ede moun New York ogmante efikasite enèjetik, ekonomize lajan, itilize enèji renouvlab, epi diminye depandans yo sou kabiran fosil. Pwofesyonèl NYSERDA travay pou pwoteje anviwònman an e kreye anpil djòb enèji pwòp. Depi 1975, NYSERDA ap devlope patenarya pou bay solisyon enèji inovatè yo bourad nan Eta New York. Pou aprann plis sou pwogram NYSERDA a ak opòtinite finansman, vizite [nysesda.ny.gov](https://nysesda.ny.gov) oswa suiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), [YouTube](#), oswa [Instagram](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418